# Мақтумқулы ҳәм қарақалпақ классик шайырлары поэзиясында этикалық көзқараслардың сәўлелениўи

**Алламбергенова Патима Жолдасбаевна ҚМУ қарақалпақ әдебияты кафедрасы доценти, ф.и.к.**

**Аннотация:** Мақолада Шарқ халқларнинг буюк алломаларидан бўлган Мақтумкули ва қорақалпоқ мумтоз ижодкорлари шеърларида этик қарашлари кенг ёритилган. Асосан,мавзуга олинган материалларини чуқур тадқиқ қилган.

**Калит сўзлар**: Мумтоз адабиет, дидактика, этика, фазилат ва иллат, яхшилик ва ёманлик, ростгойлик, ҳалоллик, адолат, ор ва номус.

**Аннотация:** В статье широко освещены этические взгляды на поэзию одного из великих деятелей Востока Махтумкили и каракалпакских классических творцов. В основном, тщательно исследованы тематические материалы.

**Ключевые слова:** Классическая литература, дидактика, этика, добродетель и порок, добро и зло, истина, честность, справедливость и правосудие, честь и достоинство.

**Annotation:** The article extensively highlights the ethical views on the poetry of one of the great figures of the East, Makhtumkuli, and the Karakalpak classical creators. Mostly, the thematic materials have been thoroughly researched.

**Keywords:** Classical literature, didactics, ethics, virtue and vice, good and evil, truth, honesty, fairness and justice, honor and dignity.

Халқымыз турмысында ертеден қолланылып киятырған жақсылық-жаманлық, әдеплилик-әдепсизлик, мәртлик-нәмәртлик, жомартлық-сықмарлық, ҳақыйқатшыл-өтирикши сабырлы-сабырсызлық, пәмли-пәмсизлик сыяқлы этикалық нормаға сәйкес тусиниклер халық аўызеки әдебияты улгилеринде нақыллар туринде кеңнен қолланылған. Мәселен, «Жақсы перзент-суйиниш, Жаман перзент-куйиниш», «Пейли тардың қолы тар» «Жаман жегенин айтар, Жақсы көргенин айтар» [6,159 ] ,деп буларда инсанның адамгершилик пазыйлетлерине тийисли қәсийетлери сәўлеленген. Булар ўақыттың өтиўи менен әдебиятымызда кеңнен орын алып унамлы, унамсыз образлар да қаҳарман характерлеринде тереңнен көрине баслады. Көркем әдебиятта сөз шеберлери тәрепинен шығармаларға этикалық көзқараслар жақсы синдирилсе, бундай дөретпелер кәлеген дәўир сынақларынан өтип адамлардың руўхый дуньясын байытыўда хызмет ете

береди. Идея арқалы жаксы-жаман ҳәдийселер өмирден алынып этикалық нормаға түсириледи. Нәтийжеде, көркем шығармаларда көтерилген әхмийетли мәселелер қаншели турмыслық болса соншели қунлы дөретпе болып қәдирленеди. Бундай шығармалар қатарына Шығыс әдебияты улгилеринен Фердаўсийдиң «Шахнама», Кәйқаўыстың «Қабуснама», Юсуп Хас Хажибтың «Қутадгу билиг» мийрасларында ақыл-нәсиятлар тийкарынан жаксы қәсийетлерди басшылыққа алыў, әдалатлық, байлық, ақыл, билим, қәнәәт, кишипейиллик, сабырлылық х т б. сыяқлы этикалық мәселелери көтериледи.

Этика- грекше ethos-сөзинен алынып бизинше қулқ, әдет, тәрбия, оның адам ҳәм жәмийет турмысындағы орнын үйрениўши философиялық пән [1,80] Этиканын категориялары: жаксы пазийлет, қәсийетсизлик, жақсылық-жаманлық, кишипейиллик-меңменли [1,80 ]. Этикалық көз қараслар көбинесе, дидактикалық шығармаларда усындай категорияларда анық көринеди. Биз оларды түркмен классик шайыры Мақтымқулы, қарақалпақ классиклери, Әжинияз, Бердақ поэзиясында сәўлелениў өзгешеликлерине тоқтаймыз. Мақтымқулының этикалық көзқарасларында өз дәўиринин шынлығынан келип шығып көтерилген мәселелер: әдиллик-әдилсизлик, ақыллы-ақылсыз, мәртлик-нәмәртлик, опадарлық-опасызлық болды. Бул қөзқараслары арқалы шайыр өз дәўириндеги турмыс талапларынан келип шығып жырлап отырды. Әсиресе сүтхор, әдәлатсыз ҳәмелдарлар, алымлар, муфтилердиң қәсийетлери «Қалмады», «Бизге миймандур»,«Нәўбет берилмеген жерде»,«Ел жаксы» қосықларында ашық көрсетиледи. Мысалы:

Кимди көрсен бәри дуньяхор болды,
Алымлар илимнен қалды гөр болды.
Ҳәмелдардың бәри парахор болды,
Патшада әдиллик пәрмән қалмады. [5. 24 ].

Бунда шайырдың тиккелей социаллық әдилсизликлердиң ҳәдден тыс ҳәўиж алып кеткенине себепкерлердиң этикалық нормалары бузылғанына ашықтан-ашық қатнасы көринеди. Себеплери дуньяхорлыққа умытылыў, алымларға исенбеў, патшаның әдил пәрман шығаралмаўы сыпатында дәлийлленеди. Демек, замандағы барлық жағымсыз ис-ҳәрекетлер, олардың ийелери дәл келтириледи. Ал бундай жағымсыз иллетлерден қутылыў тийкарлары- кеўил мүлкинди таза услаў шәртлиги екенин мына қатарларда көремиз:

Азада тутпасан кеўил мүлкинди,
Шайтан ара түсип, бузар қулқыңды. [5,24 ].

Бунда ҳәр-кимнин туўрылыққа кеўил дүньянды бурыў арқалы пәкликке ерисиў зәрүрлигин нәзерде тутады. Әжинияз лирикасында болса:

Қазы болсан әдил болып йол сорғыл,
Бай, пақырыў бек султана тең турғыл. [2,134 ].

-деў арқалы байлар, қазылардың әдил болыўына бай-жарлыларға тең қараўына шақырады. Мусылманшылық талаплардан келип шығып төмендеги қатарларда былайынша нәсият береди:

Ғаний болсаң қайры-сахаўат әйле,
Жетим- ғәриплерге шәпәәт әйле. . [2,135 ].

Шайыр пикиринше байлықты жыйнаған мал-дәўлетлилерди қайыр сахаўатқа шақырыў идеясын ортаға қояды. Себеби, XIX-әсирдеги байлар, патшалар, қазылар бундай ислерди ислеў орнына бийәдеплик ислерге қызықсынғанын илимпаз Қ.Жәримбетов орынлы сыпатлаған еди. «XIX-әсирдиң орталары ҳәм екинши ярымында Хийўа ханлығында сиясий жәмийетлик турмыс турақлы болмады. Халықтың басым көпшилиги кәмбағал турмыс кеширди. Ири феодаллар материаллық байлықтың үлкен бөлегин өз қолларына услады. Нәтийжеде, жәмийетте үлкен социаллық айырмашылықлар, әдилсизликлер пайда болып турды. Әмелдарларда байлыққа көзсиз умтылыў, ашкөзлик, социаллық мәселелерге кеўил бөлмеў жағдайлары жүз берип турды». . [4,18 ].

Қарақалпақ шайырлары да бул социаллық жағдайларды өз көзи менен көрип басларынан кеширип олардан социаллық, философиялық этикалық жуўмақлар шығарды. Мысалы: Бердақтың «Ким айтар» қосығында былайынша келтириледи:

Халыққа нәзер салмаса,
Бостанлық, жайлық қылмаса,
Әдиллик пенен турмаса,
Оны басшы деп ким айтар? [3,84 ].

Бунда шайыр патшаның туўры сөзли, әдил болыўы керек сыяклы этикалық көзқарасларын анық қояды. Мақтымқулы да өзи жасап турған дәўирдин социаллық алағатлығын көзде тутып, жәмийеттин әззи бөлегине шын тилегин билдирип, бул бойынша өзинин азаматлық позициясында турады.

Соның менен бирге классик шайырлар адамгершилик қәсийетлерди анықлаў ушын жаксы-жаман адам түсиниклерин тийкар етип алады. Мысалы Мақтымқулыда: Жаксылар менменлик етпес,
Қуры ағашқа мийўе питпес[5,23 ].

Бердақта: Жаман жолдас пайдасына илдирер,
Жақсы жолдас адамгершилик билдирер. [3,80 ].

Сыяқлы қатарларда олардың жақсы ҳәм жаман адамлардың минез-қулықлары айқын көрсеткенин билемиз. Және де шайырларымыз да инсанийлық пазийлетлердин жақсы үлгиси сыпатында досты ҳүрметлеў, оған опадар болыў ўазыйпалары да кең, шебер келтириледи:

Мақтымқулы: Мақтымқулы достан сырын гизнеме,
Бийўапаны, нәмәҳремди гөзлеме. [5,29 ].

Әжинияз: Яқшы досға бергил наныў шөрекин,
Қайтармас сөзиңниң болса керәкиң. [2,130 ]

Демек, XVIII әсирде жасаған Мақтымқулы XIX әсир классик шайырлары Әжинияз, Бердақ поэзиясында этикалық көзқараслар, өз дәўири ушын ғана емес ал бизин бүгинги кунимизде де әҳмийетин жойытпайды. Классик шайырлардың жырлаған жақсылық- жаманлық, ийман-инсап, әдеп-икрамлық мәселелери жаслар тәрбиясында оларды кәмилликке жеткериўде әхмийетке ийе болып қала береди.

**Пайдаланылған әдебиятлар**

1. Ахметов.С, Есенов.Ж, Жәримбетов.Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Билим, 1994, 80-бет.
2. Әжинияз. Нөкис, Қарақалпақстан баспасы, 1975.
3. Бердақ. Таңламалы шығармалары. Нөкис, Қарақалпақстан баспасы, 1987.
4. Жәримбетов.Қ. XIX-әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарийхы. Нөкис, Билим, 2004.
5. Мақтымқулы. Нөкис, Қарақалпақстан баспасы, 1994.
6. Көп томлык 4-том Карақалпақ халық накыл-макаллары. Нөкис, Қарақалпақстан баспасы, 1978,139-158- бетлер.
7. https://cyberleninka.ru/article/n/ibn-sino-falsafiy-arashlarida-bilish-nazariyasi